

**Aprann prononse kreyòl  
Samdi 5 Jiyè 2008**

**Dezyèm leson: Prononsyasyon**

1.- Alfabè kreyòl la gen 32 lèt . Yo prononse yo menm jan ak mo ki an fas yo wa:

a : anana  
an : san, dan  
b : bebe  
ch : chich, chwal  
d : dife  
e : elikoptè, egare  
è: èv , elèv  
en: enbesil, kreten  
f: fistibal

g: grangou kloroks

h: enhen!  
i: initil, pitit sesil  
j: joumou  
k: kola, kajou  
l: lespwa, limyè  
m: manman, mizè  
n: nas, inonni  
ng: peng, renn teng  
o: otomobil, oke  
ó: tòkmòl, lekòl  
on: limon, savon  
ou: fou, sou  
oun : moun  
p: papa, papiyon  
r: rara, rad  
s: sosis,  
t : tablèt  
ui : luil doliv  
v : vakabon  
w : wa madigra, welele  
y : peye, piyay  
z : zouti, zero

2.- An nou li ak ekri konsòn yo

b : bebe, berè, bèbè, bali baton, betizè  
ch : chemiz, chat, rache, rach , chiklèt, chalè  
d : dekoud, difisil, daso, rada, gad  
f : fal, rafal, saf , fenèt, foli, fini  
g : garaj, bagay, bag , grangou, graj,  
h : ho ho ! hey ! hen ! enhen!  
j : jalou, kajou, raj , ji, ja  
k : kay, kaki, kepi, makawon, avèk, kola  
l : lavi, pale, fasil, dlo , lalo  
m : maladi, malè, mizè, malsite, manje, manman  
n : nas, nat, zepina, nich , pinèz  
ng : beng, renn teng, maleng, peng , releng  
p : poto, rapadou, pap, pip, papa,  
r : rat, marasa , radi, diri, revòlvè  
s : sik, sak, sosis, sous dlo, dous makòs,  
t : taso, titato, tèt, tant, tonton  
v : vakabon, lave, rèv , visye, volè  
z : ze , zafè, raze, razè, zago, toupizi

- KoUnye ya, ou dwe kapab li tèks sa

Egzèsis # 1

Mizè malere

La vi pa fasil pou malere. Dlo koute chè, pri diri monte. Se gran nèg sèl ki manje ze. Ou pa ka achte yon konèt sik .Se ak rapadou pou sikre yon ti kafe. Yon ti pake zepina koute 5 goud lan mache Tèt Bèf. Yon ti pake lalo, yon ti afiba, yon tèt aransò, yon lo patat, yon kokoye, lan mache Salomon se pa bagay pòv ka achte ankò. Ou te mèt peng ou pa ka pa depanse. Se sak fè ou toujou razè. Si se pou zafè kay, se pa pale. Pou yon ti joupa ki fèt ak nas, chaje ak rat, jis yon ti kote pou mete yon nat pinèz pou kouche, yo pa pè mande 250 goud.

Mizè ak malsite mare sosis yo pou toupizi pèp la. Vakabon, visye, volè mande anraje ak revòlvè lan la ri ya. Yo anpeche moun viv, tèlman yo tire. Se pa de rafal bal yo pa fè lan mache Anba madi midi. Moun leve kouri kite machandiz atè. Ki pi rèd lapolis pa jamè vini. Yo lage pèp la pou kòl. Bagay yo makawon ! Zafè pri gode diri se tèt nèg. Taso, kasav, dous makòs, se bliye sa. Pa gen dlo, pa gen kouran, pa gen sekirite. Hen! Pèp la pa ka manje, li pa ka achte rad, se ak releng lap mache. Ti bebe yo kokobe tèlman yo rete san lèt. Map mande kisa aloufa gro vant, ti memwa sayo ap fè lan Biro Leta. Mache ranse ! Pale franse, tandiske pèp la ap delala. Hey ! Jenès la pa gen rèv, sinon ke monte bato pou lal chèche lavi lòt bò dlo. Se sak fè yo pa vle nou li ak ekri kreyòl, pou lasi ki lan je nou wan pa janm soti. O non de Gran Mèt la, gen yon jou ka jou. Jou saa !

Na wè lèt samdi.

Fanatik kreyòl ki vle pale franse, angle, espanyòl (eklektis yo), pa bliye, nou kase randevou pou madi devan jou.

-Alfabè ak konsòn kreyòl yo, se sou sit saa mwen kopye yo :

-Sit entènèt: <http://www.kreyol.org/aprannk.htm>

-Imel : [reka@kreyol.org](mailto:reka@kreyol.org)